**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—10.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

जदयू केर राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राज्यसभा सदस्यक रूप मे शपथ लेलनि। उपराष्ट्रपति सह राज्यसभाक सभापति सी.पी. राधाकृष्णन हुनका शपथ दिऔलनि। एहि अवसर पर राज्यसभाक नेता आ केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा, वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन, मत्स्य पालन, पशु पालन एवं डेयरी मंत्री राजीव रंजन सिंह, संसदीय कार्य राज्यमंत्री अर्जुन राम मेघवाल, कांग्रेस नेता जयराम रमेश आ बिहारक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी समेत आन वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह।

---

एहि सँ पूर्व, राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू राज्यसभाक निवर्तमान उपसभापति हरिवंश कँ राज्यसभाक लेल मनोनीत कयलनि। श्री हरिवंश केर राज्यसभाक कार्यकाल काल्हिए समाप्त भेल छल। हुनका भारतक पूर्व मुख्य न्यायाधीश आ राज्यसभा सदस्य रंजन गोगोई केर स्थान पर मनोनीत कयल गेल अछि। श्री हरिवंश तेसर बेर राज्यसभाक सदस्य बनलाह अछि।

---

प्रदेश मे आइ सँ पैक्स आ व्यापार मंडल सभक माध्यम सँ मसूर केर खरीद शुरू भऽ गेल अछि। मसूरक समर्थन मूल्य सात हजार टाका प्रति क्विंटल तय कयल गेल अछि। एहि बेर बत्तीस हजार मीट्रिक टन मसूर खरीदक लक्ष्य राखल गेल अछि।

---

सर्वोच्च न्यायालय जाति जनगणना पर रोक लगयबाक लेल केंद्र सरकार कँ निर्देश देबाक मांग वला याचिका कँ आइ खारिज कऽ देलक। मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकांत, न्यायमूर्ति जॉय माल्या बागची आ न्यायमूर्ति विपुल एम. पंचोली केर पीठ याचिका खारिज कऽ देलक। एहि मे एक बच्चा वला परिवार सभ कँ आर्थिक प्रोत्साहन देबा सँ जुड़ल नीति

बनेबाक लेल सेहो केंद्र के निर्देश देबाक मांग कयल गेल छल। दू हजार सत्ताईस जनगणना सोलहम राष्ट्रीय जनगणना अछि। एहि मे उन्नैस सय एकतीस केर बाद पहिल बेर व्यापक जातिगत गणना कँ शामिल कयल जायत आ ई देशक पहिल पूर्ण डिजिटल जनगणना होयत।

—————————————————————————————

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे पश्चिम एशिया संकटक मध्य देशक बिजली आ ऊर्जा जरूरतक मांग कँ सफलतापूर्वक पूरा कयल गेल अछि। आइ नव दिल्ली मे अंतर–मंत्रालय ब्रीफिंग केर दरमियान विद्युत मंत्रालयक अपर सचिव पीयूष सिंह कहलनि जे सभ ताप विद्युत संयंत्र पर्याप्त कोयला भंडारक संग पूर्ण क्षमता सँ चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकार अगिला मास बाइस हजार मेगावाट बिजली उत्पादन क्षमता बढ़यबाक योजना बना रहल अछि। एहि मध्य, संवाददाता सम्मेलन कँ संबोधित करैत पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा कहलनि जे पछिला मासक चौदह मार्च सँ एखन धरि एक लाख छओ हजार टन व्यावसायिक एलपीजी केर आपूर्ति कयल जा चुकल अछि। ओ कहलनि जे प्रतिदिन पाँच किलोग्राम वजनक एक लाख सँ बेसी एलपीजी सिलेंडर बेचल जा रहल अछि।

—————————————————————————————

चंपारण सत्याग्रह केर आइ एक सय नवम वर्षगांठ अछि। महात्मा गांधीक नेतृत्व मे देशक स्वतंत्रता संग्रामक ई एकटा महत्त्वपूर्ण मोड़ छल। वर्ष उन्नीस सय सत्रह मे एहि दिन चंपारण जिला मे ब्रिटिश सरकारक खिलाफ नील किसान लोकनिक शिकायत कँ दूर करबाक लेल आंदोलन शुरू कयल गेल छल। ई देश मे महात्मा गांधीक सत्याग्रहक पहिल प्रयोग सेहो छल।

—————————————————————————————

जनगणना दू हजार सत्ताईस केर पहिल चरण मे एखन धरि पाँच लाख बहत्तरि हजार सँ बेसी परिवार स्व–गणना सुविधाक लाभ उठौलक अछि। भारतक महापंजीयक कहलनि जे ई जनगणना लेल डिजिटल पहल मे बढ़ैत जनभागीदारी कँ देखबैत अछि। जनगणना कँ पहिल चरण एक अप्रैल कँ शुरू भेल छल। स्व–गणना सुविधा पन्द्रह अप्रैल धरि जारी रहत।

---

आइ विश्व होम्योपैथी दिवस मनाओल जा रहल अछि। ई दिवस होम्योपैथी केर संस्थापक डॉक्टर हैनिमैन केर जयंतीक उपलक्ष्य मे मनाओल जायत अछि। एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। विश्व होम्योपैथी दिवस दू हजार छब्बीस के विषय अछि– **सतत स्वास्थ्य के लिए होम्योपैथी**।

---

पश्चिमी विक्षोभक सक्रियता कम होयबाक संगहि राज्य मे बरखाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। मौसम विभागक अनुसार तीन सँ चारि दिनक दरमियान प्रदेशक अधिकांश स्थान सभ पर तापमान मे चारि सँ छओ डिग्री सेल्सियस धरिक बढ़ोतरी भऽ सकैत अछि। ओतहि, न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस केर क्रमिक बढ़ोतरी होयबाक संभावना अछि।

---

पश्चिम चंपारण जिलाक गौनाहा थाना क्षेत्रक मठ मंझरिया चौक लऽग पुलिस महानिदेशक आ राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोगक निर्देश पर पुलिस छापेमारी कऽ ऑर्केस्ट्रा मे काज कऽ रहल आठ नाबालिग लड़की कैँ मुक्त करौलक। एसडीपीओ जयप्रकाश सिंह जनौलनि जे एहि मामिला मे चारि ऑर्केस्ट्रा संचालक सभ कैँ गिरफ्तार कयल गेल अछि।

---

समाप्त भेल